**दिन–सोमवार** **दिनांक–09.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ भारतीय जीवन बीमा निगम एलआईसीक बीमा सखी योजनाक शुभारम्भ कयलनि। हरियाणाक पानीपत मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री मोदी योजनाक शुभारम्भ करैत कहलनि जे सरकार महिला सभक सशक्तिकरण लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे बीमा सखी योजना वित्तीय समावेशन के बढ़ावा देत। एलआईसीक ई पहल अठारह सँ सत्तरि वर्षक ओहि आयुक महिला के सशक्त बनेबाक अछि जे दसम कक्षा पास छथि। पहिल तीन वर्ष लेल विशेष प्रशिक्षण आ वृतिका देल जायत। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री भावी बीमा सखी लोकनि के नियुक्ति प्रमाण पत्र प्रदान कयलनि। समारोह के वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन सेहो सम्बोधित कयलनि।

---

सर्वोच्च न्यायालय कहलक अछि जे चुनाव आयोग राजनीति दल सभ पर कार्यस्थल पर महिलाक संग यौन उत्पीड़न, रोकथाम, निषेध आ निवारण अधिनियम दू हजार तेरहक प्रावधानक अंतर्गत यौन उत्पीड़नक शिकायत सँ निबटबाक लेल सक्षम प्राधिकार होयत। न्यायमूर्ति सूर्यकान्तक अध्यक्षतावला पीठ आइ एक जनहित याचिका पर सुनवाई करैत ई निर्णय देलक। याचिका मे राजनीतिक दल सभ के यौन उत्पीड़न विरोधी कानूनक अंतर्गत सम्मिलित करबाक मांग कयल गेल छल।

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र लेल भेल उपचुनावक मतगणना काज एखन चलि रहल अछि। आइ राति धरि परिणाम सोझा अयबाक संभावना अछि।

मुजफ्फरपुरक एमआईटी मे मतगणना केन्द्र बनाओल गेल अछि, जतऽ सुरक्षाक व्यापक व्यवस्था कयल गेल अछि।

——————————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा आयोजित एकीकृत सत्तरिम् संयुक्त प्रारंभिक परीक्षा के लऽकऽ परामर्श जारी कयलक अछि। परामर्श मे कहल गेल अछि जे साइबर अपराधी आ असामाजिक तत्व द्वारा परीक्षाक सम्बन्ध मे भ्रम उत्पन्न कयल जा सकैत अछि। एहि कारणे अभ्यर्थी लोकनि के सलाह देल जाइत अछि जे फर्जी फोन कॉल आ सोशल मीडियाक माध्यम सँ आबयवला कोनो संदेश पर भरोसा नहि करीं। एकर सूचना तत्काल मोबाईल नंबर–आठ पाँच चारि चारि चारि दू आठ चारि शून्य चारि आ एनसीआरपी पोर्टलक हेल्पलाईन नंबर एक नओ तीन शून्य पर देथि।

——————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे बिहार अभियंत्रण विश्वविद्यालयक पहिल दीक्षांत समारोह मे सम्मिलित भेलाह। श्री कुमार समारोह मे छात्र–छात्रा के डिग्री प्रदान कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह। दोसर दिउस मुख्यमंत्री आइ बिहार खेल प्रतिभा खोज अभियानक अंतर्गत निकालल गेल मसाल के विभिन्न जिला लेल विदा कयलनि।

——————————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक सक्रियता सँ प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र मे आइ सवेरे कतेको ठाम आंशिक बरखा भेल। पटना, गया, अरवल, रोहतास, औरंगाबाद, गोपालगंज आ सीवान जिला मे ई बरखा भेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पूर्वी, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व क्षेत्र मे कतहु–कतहु आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि। अगिला तीन दिन मे न्यूनतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कम हेबाक संभावना बनल अछि। सवेर मे दक्षिण–पूर्व आ उत्तरी क्षेत्र मे घनगर कुहेस लगबाक संभावना सेहो अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे नओ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग सहरसा जिलाक अगवानपुर प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

---

फौकानिया आ मौलवी परीक्षा दू हजार पच्चीसक कार्यक्रम मे संशोधन कयल गेल अछि। आब ई परीक्षा बीस जनवरी सँ पच्चीस जनवरी धरि आयोजित कयल जायत। परीक्षा नियंत्रक मोहम्मद नूर इस्लाम जनौलनि जे परीक्षार्थी लोकनि के प्रश्न पत्रक अध्ययन लेल पन्द्रह मिनटक अतिरिक्त समय देल जायत।

---

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय द्वारा आयोजित शास्त्री प्रतिष्ठाक परिणाम घोषित कऽ देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त शास्त्रीक आनो सेमेस्टरक परिणाम घोषित भेल गेल अछि। परीक्षार्थी विश्वविद्यालयक वेबसाइट पर जाकऽ अपन परिणाम देखि सकैत छथि।

---

बेगूसराय जिलाक साहेबपुर कमाल थाना क्षेत्र मे पुलिस दू अपराधी के एक रायफल आ दू कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

दरभंगाक मब्बी थाना क्षेत्र मे पुलिस वाहन जाँचक क्रम मे एक वाहन सँ तीन सय पैंतालिस कार्टन शराब बरामद कयलक अछि।

---

समाप्त